

Nou tradui fòmilè sa a pou pataje enfòmasyon sèlman. Se pou ranpli Fòmilè pou Manda a nan lang anglè sou vèsyon anglè fòmilè a.

Mèsi paske w te vizite Ohio Legal Help!

Paj sa a pral gide ou ak pwosesis pou ranpli ak anrejistre fòmilè sa a.

Kisa dokiman sa a gen ladan

Dokiman sa a gen Fòmilè **Manda Finansye** a pou Ohio.

Men sa pou w fè apre.

- **Li epi revize fòmilè a ak anpil atansyon.** Si w ap kite nenpòt seksyon vid, ekri “None” (Okenn) nan espas la. Yo ekri fòmilè sa a pou l efektif kou yo siyen l. Si ou vle pou li efektif sèlman pandan yon peryòd tan byen espesifik oswa si ou gen yon limitasyon ki afekte kapasite w, ekri sa nan “Special Instructions” (Enstriksyon Espesyal yo) ki nan paj 4 la.
 - Nan paj 3, ou dwe mete inisyal ou bò kote otorite ke ou vle pou reprezantan w lan genyen yo.
 - **Si ou gen timoun epi ou te deziyen yon Reprezantan Gadyen ki pa menm moun ak Reprezantan Finansye w la,** li ta bon pou w enkli enstriksyon nan "Enstriksyon Espesyal" yo nan paj 4 la ki gen rapò ak bay gadyen pitit ou a lajan.
 - Nan paj 4, gen yon seksyon ki gen tit “Nomination of Guardian (Optional)” [Deziyasyon Gadyen (Opsyonèl)]. **Seksyon sa a pa gen rapò ak gad timoun yo.** Se yon seksyon opsyonèl kote ou ka nonmen yon moun pou sèvi kòm yon gadyen pou siksesyon w lan oswa pou oumenm sizoka ou ta vin gen yon enkapasite.
- **Siyen fòmilè a.** Si w ap bay reprezantan w lan otorite sou byen imobilye, ou dwe siyen fòmilè a devan yon notè piblik. Si fòmilè a pa bay reprezantan w lan otorite sou byen imobilye, li ka toujou bon pou siyen fòmilè a devan yon notè piblik. So notè a fè bank yo ak lòt òganizasyon konnen ke siyati w ki sou fòmilè a otantik.
- **Fè kopi.** Apre notè a mete so l sou fòmilè a, fè plizyè fotokopi.
- **Si fòmilè a bay otorite pou byen imobilye, anrejistre fòmilè a.** Si ou bay reprezantan w lan otorite sou byen imobilye w yo, ou dwe anrejistre yon kopi fòmilè a nan biwo Grefye Konte (County Recorder) a kote pwopriyete w la ye a. Sa pral koute \$34 pou de (2) premye paj yo epi apres a \$8 pou chak paj adisyonèl.
- **Pataje fòmilè a ak reprezantan w lan.** Asire w ke reprezantan w lan gen yon kopi fòmilè a. Se yon bon ide tou pou diskite sou plan finansye w yo anjeneral ak moun ki pwòch ou yo. Kominikasyon pral ede asire ke tout moun wè bagay yo menm jan.

ETA OHIO

FÒMILÈ MANDA KI KONFÒM AK LALWA

ENFÒMASYON ENPÒTAN

- 1) Manda sa a otorize yon lòt moun (reprizantan w lan) pou pran desizyon konsènan pwopriyete w la pou ou menm (moun k ap bay manda a). Reprizantan w lan pral kapab pran desizyon epi aji anrapò ak pwopriyete w la (ki gen ladan lajan w) kit ou kapab aji pou tèt ou kit ou pa kapab fè sa. Yo eksplike siyifikasyon otorite sou sijè ki nan lis sou fòmilè sa a nan Lwa sou Manda Inifòm nan (seksyon 1337.21 a 1337.64 nan Kòd Revize a).
- 2) Manda sa a pa otorize reprizantan an pou l pran desizyon sou swen sante pou ou.
- 3) Ou dwe chwazi yon moun ou fè konfyans pou sèvi kòm reprizantan ou. Sòf si ou presize yon lòt bagay, jeneralman otorite reprizantan an ap kontinye jiskaske ou mouri oswa jiskaske ou anile manda a oswa jiskaske reprizantan an demisyone oswa pa kapab aji pou ou.
- 4) Reprizantan w lan gen dwa a konpansasyon rezonab sof si ou deklare yon lòt bagay nan Enstriksyon Espesyal yo.
- 5) Fòmilè sa a fèt pou deziyasyon yon reprizantan. Si ou vle nonmen plis pase yon reprizantan ou ka nonmen yon ko-reprizantan nan Enstriksyon Espesyal yo. Ko-reprizantan yo pa oblije aji ansanm sof si ou enkli kondisyon sa a nan Enstriksyon Espesyal yo.
- 6) Si reprizantan w lan pa kapab oswa li pa vle aji pou ou, manda w la ap fini amwenske ou nonmen yon reprizantan siksesè. Ou ka nonmen tou yon dezyèm reprizantan siksesè.
- 7) Manda sa a ap vin efektif touswit sof si ou deklare yon lòt bagay nan Enstriksyon Espesyal yo.

AKSYON KI EGZIJE OTORITE FÒMÈL

Sòf si mwen fòmèlman otorize e mwen mete inisyal mwen yo nan Enstriksyon Espesyal yo, manda sa a pa bay reprizantan mwen an otorite pou fè okenn nan bagay sa yo:

- (1) Kreye yon fidisi;
- (2) Modifye, anile, oswa mete fen nan yon fidisi vivan, menm si reprizantan an gen otorite espesifik pou fè sa nan akò fidisi a;
- (3) Fè yon kado;
- (4) Kreye oswa chanje dwa sivi yo;
- (5) Kreye oswa chanje yon deziyasyon benefisyè;
- (6) Delege otorite ki akòde nan manda a;
- (7) Renonse dwa moun k ap bay manda a pou l yon benefisyè nan yon rant anyèl konjwen ak pou sivivan, sa gen ladan yon prestasyon pou sivivan nan kad yon plan retrèt;
- (8) Egzèse pouvwa fidisyè ke moun k ap bay manda a gen otorite pou l delege.

AVÈTISMAN: Lè w akòde nenpòt nan uit pouvwa ki anwo yo sa pral bay reprezantan w lan otorite pou l pran mezi ki ka diminye byen w yo defason konsiderab oswa chanje fason yo distribye byen w yo lè w mouri.

Si w gen kesyon sou manda oswa otorite w ap bay reprezantan w lan, ou dwe chèche jwenn konsèy legal anvan w siyen fòmilè sa a.

ETA OHIO FÒMILÈ MANDA KI KONFÒM AK LALWA

DEZIYASYON REPREZANTAN

Mwen menm, _____ m ap nonmen
moun sa a kòm reprezantan mwen:

Non Reprezantan an: _____

Adrès Reprezantan an: _____

Nimewo Telefòn Reprezantan an: (_____) _____

DEZIYASYON REPREZANTAN SIKSESÈ (YO) (OPSYONÈL)

Si reprezantan mwen an pa kapab oswa pa vle aji pou mwen, mwen nonmen kòm
reprezantan siksesè mwen an:

Non Reprezantan Siksesè a: _____

Adrès Reprezantan Siksesè a: _____

Nimewo Telefòn Reprezantan Siksesè a: (_____) _____

Si reprezantan siksesè mwen an pa kapab oswa pa vle aji pou mwen, mwen
nonmen kòm dezyèm reprezantan siksesè mwen an:

Non Dezyèm Reprezantan Siksesè a: _____

Adrès Dezyèm Reprezantan Siksesè a: _____

Nimewo Telefòn Dezyèm Reprezantan Siksesè a: (_____) _____

AKÒDE OTORITE JENERAL

Mwen bay reprezantan mwen an ak nenpòt reprezantan siksesè otorite jeneral pou aji pou mwen parapò ak sijè sa yo jan sa defini nan Lwa sou Manda Inifòm nan (seksyon 1337.21 a 1337.64 nan Kòd Revize a):

(METE INISYAL OU bò kote chak sijè ou vle enkli nan otorite jeneral reprezantan an. Si ou vle bay otorite jeneral sou tout sijè yo ou ka mete inisyal ou bò kote chwa ki make "Tout Sijè ki Make Pi Wo yo" olye pou w mete inisyal ou bò kote chak sijè.)

_____ Imobilye

_____ Byen Materyèl Mobilye

_____ Aksyon ak Obligasyon

_____ Machandiz ak Opsyon

_____ Bank ak Lòt Enstitisyon Finansyèl

_____ Operasyon Antite oswa Biznis

_____ Asirans ak Rant Anyèl

_____ Siksesyon, Fidisi, ak Lòt Enterè Benefik

_____ Reklamasyon ak Litij

_____ Antretyen Pèsonèl ak Familyal

_____ Avantaj ki soti nan Pwogram Gouvènman oswa Sèvis Sivil oswa Militè

_____ Plan Retrèt

_____ Taks

_____ Tout Sijè ki Make Pi Wo yo

LIMIT SOU OTORITE REPREZANTAN AN

Yon reprezantan ki pa zansèt mwen, konjwen mwen, oswa desandan mwen PA KA itilize byen mwen yo pou benefisye reprezantan an oswa yon moun reprezantan an dwe yon obligasyon sipò sof si mwen enkli otorite sa a nan Enstriksyon Espesyal yo.

ENSTRIKSYON ESPESYAL (OPSYONÈL)

Ou ka bay enstriksyon espesyal sou liy sa yo:

DAT EFEKTIF

Manda sa a efektif imedyatman sof si mwen deklare yon lòt bagay nan Enstriksyon Espesyal yo.

DEZIYASYON GADYEN (OPSYONÈL)

Si li vin nesesè pou yon tribinal nonmen yon gadyen pou siksesyon mwen oswa pou mwen menm, mwen nonmen moun sa a (yo) pou deziyasyon an:

Non Moun m ap nonmen kòm gadyen pou siksesyon mwen an: _____

Adrès Moun m ap Nonmen an: _____

Nimewo Telefòn Moun m ap Nonmen an: (- _____) _____

Non Moun m ap Nonmen kòm gadyen pou mwen menm: _____

Adrès Moun m ap Nonmen an: _____

Nimewo Telefòn Moun m ap Nonmen an: (- _____) _____

APLIKASYON MANDA SA A

Nenpòt moun, ki gen ladan reprezantan mwen an, ka konte sou validite manda sa a oswa yon kopi li sof si moun sa a konnen li anile oswa li pa valid.

SIYATI AK KONFIMASYON

Siyati w _____ Dat la _____

Non w Ekri ak Lèt Majiskil Detache _____

Adrès ou _____

(_____) _____

Nimewo Telefòn ou _____

ETA OHIO

KONTE _____

Devan mwen nan dat _____ (Dat), moun sa a

_____ (Non Moun k ap bay
manda a) te konfime dokiman sila a.

Siyati Notè a _____

Komisyon mwen an ap ekspire: _____

Responsab preparasyon dokiman sa a se:

ENFÒMASYON ENPÒTAN POU REPREZANTAN AN

OBLIGASYON REPREZANTAN AN

Lè ou aksepte otorite yo akòde nan manda sa a, gen yon relasyon legal espesyal ki kreye ant ou menm ak moun k ap bay manda a. Relasyon sa a enpoze sou ou obligasyon legal ki kontinye jiskaske ou demisyone oswa jiskaske manda a pran fen oswa anile. Ou dwe:

- (1) Fè sa ou konnen moun k ap bay manda a atann li ke ou pral fè defason rezonab ak pwopriyete moun k ap bay manda a oswa, si ou pa konnen atant moun k ap bay manda a, aji nan pi bon enterè moun k ap bay manda a;
- (2) Aji de bòn fwa;
- (3) Pa fè anyen ki depase otorite yo akòde nan manda sa a;
- (4) Eseye prezève plan siksesyon moun k ap bay manda a si ou konnen plan an epi prezève plan an pou l aliyen avèk pi bon enterè moun k ap bay manda a;
- (5) Devwale idantite ou kòm yon reprezantan chak fwa ou aji pou moun k ap bay manda a lè w ekri oswa ekri ak lèt majiskil detache non moun k ap bay manda a epi siyen pwòp non pa w antanke "reprezantan" nan fason sa a:

(Non Moun k ap bay manda a) ki gen kòm Reprezantan (Siyati ou)

Sòf si Enstriksyon Espesyal yo nan manda sa a deklare yon lòt bagay, ou dwe tou:

- (1) Aji fidèlman pou benefis moun k ap bay manda a;
- (2) Evite konfli ki ta afekte kapasite w pou aji nan pi bon enterè moun k ap bay manda a;
- (3) Aji avèk swen, konpetans, ak dilijans;
- (4) Kenbe yon dosye pou tout resi, debousman, ak tranzaksyon ki fèt onon moun k ap bay manda a;
- (5) Kowopere ak nenpòt moun ki gen otorite pou pran desizyon swen sante pou moun k ap bay manda a fè sa ou konnen moun k ap bay manda an espere defason rezonab oswa, si ou pa konnen atant moun k ap bay manda a, aji nan pi bon enterè moun k ap bay manda a.

ANILASYON OTORITE REPRESENTAN AN

Ou dwe sispann aji nan non moun k ap bay manda a si ou aprann nenpòt evènman ki mete fen a manda sa a oswa a otorite ou nan manda sa a. Evènman ki mete fen a manda a oswa a otorite w pou aji dapre manda a, gen ladan yo:

- (1) Lanmò moun k ap bay manda a;
- (2) Anilasyon moun k ap bay manda a pou manda a oswa otorite ou;
- (3) Ensidan yon evènman anilasyon ki endike nan manda a;
- (4) Objektif manda a akonpli konplètman;
- (5) Si ou marye ak moun k ap bay manda a, si yo depoze yon aksyon legal nan yon tribinal pou mete fen nan maryaj ou, oswa pou separasyon legal ou, sof si Enstriksyon Espesyal yo nan manda sa a deklare ke yon aksyon konsa pa pral mete fen a otorite ou.

RESPONSABILITE REPRESENTAN AN

Siyifikasyon otorite yo ba ou a defini nan Lwa sou Manda Inifòm nan (seksyon 1337.21 a 1337.64 nan Kòd Revize a). Si ou vyole Lwa sou Manda Inifòm nan oswa si w aji andeyò otorite yo akòde a, ou ka responsab pou nenpòt domaj ke vyolasyon w lan te lakòz.

Si gen yon bagay sou dokiman sa a oswa sou obligasyon w yo ke ou pa konprann, ou dwe chèche jwenn konsèy legal.